



Pou Piblikasyon Imedya: 29/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO APLIKASYON SENPLIFYE POU MOUN K AP CHÈCHE ÈD NAN MEN ETA A POU DEPANS KI GEN RAPÒ AK KRIM YO**

*Biwo Sèvis pou Viktim Eta New York la reyòganize aplikasyon pou dedomajman yo pou elimine kesyon yo, senplifye langaj la ak redui longè l pou ede asire yon pwosesis ki pi fasil pou itilzatè yo*

*Moun ki elijib yo kapab resevwa èd pou depans medikal ak bòdwo pou terapi konsèy yo, depans pou fineray ak antèman yo ak ranbousman salè yo pèdi, pami lòt asistans finansye yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a disponiblite yon nouvo aplikasyon senplifye pou moun k ap chèche èd nan men eta a pou depans ki gen rapò ak krim yo. Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) Eta New York la te reyòganize [aplikasyon li](#) pou elimine kesyon, senplifye langaj epi redwi longè l pou ede asire yon pwosesis ki pi fasil pou itilzatè yo. OVS bay yon rezo sekirite finansye enpòtan pou moun ki pa gen lòt resous pou peye pou depans yo te fè akòz yo te viktim, tankou bòdwo medikal ak terapi konsèy, depans pou fineray ak antèman, ak ranbousman salè yo pèdi, pami lòt asistans finansye yo.

"New York gen yon istwa long nan asire ke moun ak fanmi ki te blese akòz yon krim ka gen aksè a sipò, sèvis ak èd finansye yo bezwen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Angajman sa a pa t ap posib si se pa t pou travay anplwaye Biwo Sèvis pou Viktim yo, ak pwofesyonèl asistans viktim yo ki te dedye karyè yo pou sèvi moun ki te fè eksperyans pèt, twomatis ak doule nou pa ka dekri. Mwen rekonesan anpil pou travay yo, ki fè yon diferans nan anpil lavi atravè Eta New York."

"Moun ki viktim yon krim pa ta dwe enkyete yo pou depans finansye pwosesis rekiperasyon an," **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Biwo Sèvis pou Viktim yo ap elimine obstak yo epi asire moun krim afekte yo gen aksè a resous ak sèvis yo bezwen pou yo geri epi avanse vè lavni. N ap asire Nouyòkè yo resevwa sipò yo merite."

**Elizabeth Cronin, ki se Direktris Biwo Sèvis pou Viktim yo (Office of Victim Services, OVS), te deklare,** "Ekip mwen an nan Biwo Sèvis pou Viktim nan toujou ap chèche fason pou nou kapab senplifye ak amelyore pwosesis nou yo, pou yo santre sou

viktim ak sivivan, epi ki pran an kont twomatis. Nou te resevwa kòmantè ekselan nan men defansè viktim yo ak founisè sèvis yo ki jwe yon wòl enpòtan nan ede moun yo aplike pou asistans epi aplikasyon ki pi kout sa a se yon rezilta kowòdinasyon ant yo menm ak anplwaye OVS. Mwen remèsye yo pou lide yo ak angajman yo pou bay pi gwo kalite sèvis pou viktim ak sivivan krim yo."

Pandan ke Biwo Sèvis pou Viktim lan te modifiye aplikasyon li a jan sa nesèsè pou adrese amannman nan lwa eta a ki esplike kalifikasyon pou asistans finansye, sa yo reprezante chanjman ki pi enpòtan nan dokiman an nan plizyè dizèn ane. Moun, founisè sèvis yo ak defansè viktim yo te eksprime enkyetid konsènan longè dokiman an ak kèk kesyon anvayisan, ki pafwa dekouraje moun pou yo aplike pou èd. Aplikasyon ki refèt la bay enfòmasyon ki nesèsè pou Biwo Sèvis pou Viktim la pou asiyen manm pèsònèl yo reklamasyon yo, ki answit jwenn nenpòt lòt dokiman pou pran desizyon jan sa nesèsè, selon kalite èd yo chèche a. Aplikasyon an kounye a gen senk paj olye nèf, epi kantite kesyon yo te koupe an mwatye pou vin sèt nan plas 14.

Pandan ane fiskal 2022-23 eta a, Biwo Sèvis pou Viktim lan te bay 14.6 milyon dola bay viktim ak sivivan krim ak manm fanmi yo pou bòdwo medikal ak terapi konsèy; reyabilitasyon okipasyonèl ak pwofesyonèl; pèt salè ak sipò; depans pou fineray ak antèman; depans ki asosye ak transpò pou sèvis nan tribinal ak medikal, aparèy sekirite, demenajman, ak netwayaj sèn krim; ak ranplasman oswa reparasyon pwopriyete pèsònèl esansyèl. New York se sèl eta nan peyi a ki pa gen limit sou depans medikal ak terapi konsèy; lwa eta a limite lòt kalite ranbousman oswa dedomajman. OVS te dirèkteman ranbouse founisè medikal yo prèske 2 milyon dola tou pou [egzamen legal sou vyòl](#) pandan ane fiskal 2023. Tout ranbousman ak dedomajman pou depans ki gen rapò ak krim yo peye pa mwayen amann, frè ak chaj an eksè kèk moun ki kondane nan tribinal eta oswa federal peye, se pa lajan taks federal oswa eta.

Nan kòmansman mwa sa a, [Gouvènè Hochul te siyen Lejislasyon \(S.214A/A.2105A\) pou elaji opsyon kalifikasyon pou lajan dedomajman viktim yo pou viktim ak sivivan krim yo](#). Lalwa retire egzijans pou viktim yo bay dokimantasyon ki soti nan men lapolis pou yo ka kalifye pou dedomajman epi laplike pou krim ki fèt nan dat 31 desanm 2025 oswa apre. Dat efektiv la bay Biwo Sèvis pou Viktim yo ase tan pou prepare pou aplikasyon sa a ak lòt chanjman enpòtan ki enkli nan lwa a.

Aplikasyon pou dedomajman ki ajou a se yon lòt egzanp efò Biwo Sèvis pou Viktim yo pou amelyore aksè, elaji kalifikasyon pou asistans finansye; epi [devlope kapasite pami founisè sèvis yo atravè fòmasyon pwofesyonèl ak asistans teknik](#). Nan dènye ane yo, OVS te:

- Lanse [OVS Resource Connect](#) (Koneksyon ak Resous OVS yo), yon [plafòm sou entènèt ki pèmèt moun jwenn èd ak resous lè yo itilize lang chak jou pou chèche sipò pou yon preyokipasyon oswa bezwen espesifik, pa mwayen kòd postal](#). Lè sa a, OVS Resource Connect jenere yon lis pwogram ki ka bay sèvis pou satisfè bezwen yo.

- Fè avanse ak sipòte yon varyete lejislasyon, kote lè yo te adopte yo, te elaji aksè ak kalifikasyon pou dedomajman, [ki gen ladan pèmèt viktim krim rayisans yo, difizyon oswa piblikasyon ilegal yon imaj entim, ak ensousyans premye ak dezyèm degre ki mete andanje pou resevwa konpansasyon](#) pou salè yo pèdi, depans netwayaj sèn krim, konsèy ak lòt depans asirans pa kouvri, menm si yo pa blese.
- [Ogmante dedomajman pou pwopriyete pèsonèl esansyèl yo pèdi oswa ki andomaje](#) soti 500 dola rive 2,500 dola; ogmante prim ijans pou depans fineray jiska 3,000 dola; epi elaji aksè a dedomajman pou moun ki te viktim krim rayisans men ki pa t sibi okenn blezi fizik.

[Biwo Sèvis pou Viktim](#) lan finanse ak sipòte tou 239 pwogram kominotè nan tout eta a ki bay sèvis esansyèl, tankou konsèy pou kriz, gwoup sipò, jesyon ka, abri ijans, èd legal sivil, ak asistans pou demenajman, pami lòt asistans, pou viktim ak sivivan yo, pwòch yo ak kominote yo. Pwogram sa yo bay sèvis gratis, menm si yon moun te rapòte oswa pa te rapòte krim lan bay lapolis. Anplwaye nan pwogram sa yo ddepoze plis pase 80 pousan nan reklamasyon pou èd finansye yo. Swiv Biwo Sèvis pou Viktim lan sou [X \(ansyen Twitter\)](#) ak [Facebook](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)